# DUWTARDA XALÍQ NAMALARÍN SHERTIW USÍLLARÍ

**Niyazbek Askarov Kóshkinbaevich**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti oqıtıwshısı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.10684550

***Annotatsiya.*** *Sázende qanshelli jetik sázende bolsa. Oń qoldıń hár qıylı shtrixlardı alıwǵa sheberligi jetilisken bolsa, sonshelli namanıń sulıw esitiliwine, qulaqqa jaǵımlı bolıp túsinikli bolıwına, tıńlawǵa tásirli bolıp esitiliwine namanıń jaqsı shıǵıwına úlken tásir etedi hám paydası tiyedi.*

***Gilt sózler:*** *Dás, usıl, dinamika, shtrix, nama, ólshem, sázende, ses, takt, ritm.*

## WAYS OF PLAYING FOLK SONGS IN DUTOR

***Abstract.*** *The more advanced the musician is. If the ability of the right hand to pick up different strokes is improved, it will have a great effect on the beautiful sound of the tarona, the pleasantness and intelligibility of the tarona, the impressiveness of the listening, and the good performance of the tarona. Touches.*

***Key words:*** *Dás, method, dynamics, bar, tarona, size, musician, sound, tact, rhythm.*

## СПОСОБЫ ИСПОЛНЕНИЯ НАРОДНЫХ ПЕСЕН В ДУТОРЕ

***Аннотация.*** *Чем продвинутее музыкант. Если улучшить способность правой руки улавливать различные удары, это окажет большое влияние на красивый звук тароны, приятность и разборчивость тароны, впечатляемость прослушивания и хорошее исполнение тароны.прикасается.*

***Ключевые слова:*** *Дас, метод, динамика, такт, тарона, размер, музыкант, звук, такт, ритм.*

Duwtar áspabında xalıq namaların atqarıw ushın oń qoldıń xızmeti úlken. Sebebi, hár bir nama ózine ılayıq shertiw usılların talap etedi. Namanıń qanday ólshemde jazılǵanına qaray oń qol dás qaǵıwında bir qansha shertiw usılların, hár qıylı qaǵıslardı ( shtrixlardı) oń qoldıń háreketi menen alınadı.

Shertiw usıllarınıń eń ápiwayısı tómen-joqarı П-V qaǵıs, bul usıldı da (shtrixtı-da) 1. barlıq pánje menen 2. kórsetkish barmaq penen 3. oń qoldıń uzın barmaǵı menen 4. kórsetkish hám uzın úshinshi barmaq penen de alıwǵa, atqarıwǵa boladı.

Bul namanıń xarakterine eń aldı menen tezligine, sestiń dinamikalıq qanday dárejede alınıwı kerekligine yaǵnıy áste, qattı, ortasha qattı qaǵıs kerekpe soǵan baylanıslı bolıp keledi. Bul ápiwayı qaǵıw usılı degenimiz benen de, namaǵa baylanıslı yaǵnıy namasına paylı degen sóz.

Nama qanday qıyınlıqtı talap etetuǵın bolsa, atqarıwshıdan yaǵnıy sázendeden sol dárejede atqarıw sheberlikti talap etedi. Meyli kishi nama-aq bolsın, bir páske-bir joqarıǵa dásti alıp shertken menen onnan nama shertken bolmaydı. 2/4 ólsheminde jazılǵan kishkene namanıń ózinde-de bir qansha shertiw usılları menen orınlasa boladı. Bul namaǵa kórik qosadı, naǵıs beredi, sázendeniń texnikasına yaǵnıy oń qoldıń taxnikasına baylanıslı boladı.

Sázende qanshelli jetik sázende bolsa. Oń qoldıń hár qıylı shtrixlardı alıwǵa sheberligi jetilisken bolsa, sonshelli namanıń sulıw esitiliwine, qulaqqa jaǵımlı bolıp túsinikli bolıwına, tıńlawǵa tásirli bolıp esitiliwine namanıń jaqsı shıǵıwına úlken tásir etedi hám paydası tiyedi. 2/4

ISSN: 2181-3906 2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 2 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

ólsheminde jazılǵan namalardıń kóplegen shertiw usılları bar. Bul usıllar namadaǵı notalardıń, seslerdiń ólshem uzınlıqlarına, sozımlıǵına baylanıslı qollanıladı.



yamasa





yamasa







yamasa





yamasa Qaraqalpaq namalarında eń kóp ushırasatuǵın takt ólshemi.



ISSN:
2181-3906
2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 2 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ



7/8 ólsheminde jazılǵan namalar yaǵnıy qaraqalpaqta muxalles ritmi dep aytıladı. Muxalles namaları 7/8 takt ólsheminde jazılǵan bolıp keledi.

yamasa



4/4 ólsheminde jazılǵan namalar bolatuǵın bolsa onda usı 2/4 ólsheminde jazılǵan namalardaǵı dás qaǵıw eki eselenedi sol sesler qaytalanıp keledi. Dás qaǵıw usıllarınıń múmkinshiligi artadı, ózgeshelikler qosıladı olar namanıń xarakterine baylanıslı boladı. 3/8, 6/8 ólsheminde jazılǵan namalarda usıl (ritm ózgesheligine qaray dás qaǵıw usıllarda (shtrixlarıda) ózgerip keledi.





yamasa

Dás qaǵıw usılları (shtrixlar) seslerdiń yaǵnıy notanıń uzınlıǵına qaray ózgerip bara beredi.

Buǵan uqsas shertiw usılları ( shtrixlar) negizinen nota uzınlıǵına hám takt ólshemine, sonday-aq namanıń tezligine hám xarakterine sáykes ózgeriske ushırap kele beredi, bular atqarıwshıdan úlken sheberlikti talap etedi. Tuwısqan ózbek, qazaq, túrkmen, tájik xalıqlarınday qaraqalpaq xalqınıń da duwtarda shertiw ushın arnawlı shıǵarılǵan namaları júdá kóp. Bul namalar xalıq namaları dep aytılıp keledi. Bul namalar atadan-balaǵa, ustazdan-shákirtke ótip kóp jıllar boyına xalqımız arasında keńnen taralıp, xalqımızdıń belgili baqsıları, sázendeleri tárepinen dóretilip, kópshilikke unamlı, jaǵımlı bolǵanlıǵı sebepli umıtılmay usı kúnlerge kelip jetken.

Xalqımızdıń duwtar namaları, yaǵnıy sazları tolıǵı menen notaǵa túsirilmegen yaǵnıy notaǵa jazılmaǵan. Sońǵı jılları duwtar sazları belgili sázendelerdiń, kompozitorlardıń hám muzıkalıq arnawlı bilimge iye qánigelerdiń, oqıtıwshılardıń kúshi menen bir qansha namalar notaǵa túsirilmekte. Muzıka bilim jurtlarında muzıka mektebiniń hám joqarı arnawlı muzıka oqıw orınlarınıń studentlerine oqıw baǵdarlaması ushın arnawlı túrde notaǵa túsirilip ıqshamlastırılmaqta. Hár bir nama óz aldına shertiw usılların, atqarıw sheberliklerin talap etedi, hár qıylı tezlikke iye boladı. Awır, jeńil, ortasha templerde ( tezliklerde) jazılǵan namalar boladı.

Xalqımız arasında keńnen taralǵan hám súyip tıńlanatuǵın hám radiyonıń altın fondında magnit lentasına jazıp alınǵan duwtar sazlarınan: «Qara jorǵa», «Muxalles», «Mıń tumen», «Popurri», «Náylermen», «Aq ishik», «Sıy perde», «Kúnxoja», «Suw serper», «Gúlzar», «Háwij

muxallesi», «Qara dáli», «Dás nama», «Jıǵalı», «Nalısh», «Bozataw», «Igelay», «Ilme sultan», «Nama bası», «Nariydirgen», «Adıńnan», «Gúlpaq», «Keńes», «Nazlı» hám taǵı basqa da kóplegen saz namaları qaraqalpaq xalqınıń kóp jıllar dawamında atadan-balaǵa miyras etip qaldırǵan, duwtar ushın arnalǵan saz namaları bolıp tabıladı. Sonday-aq saz namaları menen yaǵnıy duwtar sazları menen bir qatarda baqsılardıń repertuarlarında bar barlıq qosıqlar, dástan qosıqları da duwtarda atqarıladı.

Baqsılardıń barlıq qosıq repertuarındaǵı namalardı sázende baqsılar, sázendeler duwtarda saz etipte shertedi. Mısalı olardan «Eshbay», «Gór qız», «Kelte nalısh», «Uzın nalısh», «Qara dáli», «Arıwxan», «Baǵlar», «Sáwdigim», «Iraniy», «Azizim», «Xojabala», «Xoja baǵman», «Gelaláylim», «Sen yar gedali», «Sen yar qal endi», «Jeti asırım», «Qáwender», «Idiris», «Jaman shıǵanaq», «Ílgal», «Qoshım palwan», «Sanalı geldi», «Saltıq», «Dembermes», «Qızlar úyge kir», «Musa», «Ǵubbaddiyin», «Besperde», «Nedaǵı», «Aqsúngil», «Lay-lay», «Shımbay», «Alaqayıs», «Dárdińnen», «Qız-Minayım», «Yasha-pári», «Sarbinaz», «Yaǵlı báhár», «Úshtop», «Dadálińnen», «Gelgelay», «Beyish», «Ne payda», «Mertewil» hám taǵı basqa xalıq qosıqların baqsılarımız benen sázendelerimiz qosıǵı menen de sonday-aq saz retinde de shertedi.

Bul namalardıń kópshiligi sázendeler tárepinen qosıq aytqanda basqasha, al saz etip shertilgende biraz ózgesheliklerge ushırap, sazǵa beyimlenip atqarıladı. Olar atqarıwshı sázendeniń sheberligine, texnikalıq jetiskenligine, duwtardı sheber meńgergenligine, usıllardı jeterli dárejede jetik ózlestirgenine baylanıslı bolıp keledi.

**REFERENCES**

1. J.Aytmuratov «Baqsıshılıq ónerimizde xalıq namalarınıń kelip shıǵıw derekleri» «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası. 9-iyul 2019-jıl № 84 (20326) sanı.
2. Q.Ayımbetov “Xalıq danalıǵı” «Qaraqalpaqstan» baspası. 1986-jıl
3. Á.Alımov, T.Adambaeva, J.Turdımuratov «Házireti sazger» Nókis «Bilim» 2013-jıl.
4. Q.Maqsetov «Dástanlar, jırawlar, baqsılar» Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 1992-jıl.
5. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq jıraw baqsıları» « Qraqalpaqstan» baspası Nókis-1983.
6. Koshkinbaevich A. N. DEVELOPMENT AND HISTORY OF MUSIC EDUCATION PEDAGOGY IN KARAKALPAKSTAN //Journal of Innovation, Creativity and Art. – 2023. – T. 2. – №. 12. – C. 40-44.
7. Asqarov N. Dirijyorlik etishda asarning mustaqil ijrosi //Science and Education. – 2022. – T. 3. – №. 1. – C. 996-1000.
8. Koshkinbaevich A. N. DEVELOPMENT AND HISTORY OF MUSIC EDUCATION PEDAGOGY IN KARAKALPAKSTAN //Journal of Innovation, Creativity and Art. – 2023. – T. 2. – №. 12. – C. 40-44.
9. Koshkinbaevich A. N. History and theoretical aspects of music education pedagogy in the Republic of Karakalpakstan //American Journal of Science on Integration and Human Development (2993-2750). – 2023. – T. 1. – №. 9. – C. 7-10.
10. Maksetbaevich, Otegenov Khakimbay. "Ethnodemographic procesess at the headquarters of amudarya on the EVE of the 1916 uprising." Journal of Critical Reviews 7.11 (2020): 391-395.
11. Отегенов, Хакимбай. "К оценке восстаний в Хивинском ханстве и Амударьинском отделе в 1916 г." Каспийский регион: политика, экономика, культура 2 (59) (2019): 31-36.

12. Отегенов, Хакимбай Максетбаевич. "Восстание 1916 года в Каракалпакстане: общее и особенное." Перекрёстки истории. Актуальные проблемы исторической науки: материалы XV Международ (2019): 131.
13. Maksetbaevich, Otegenov Khakimbay. "Ethnodemographic procesess at the headquarters of amudarya on the EVE of the 1916 uprising." Journal of Critical Reviews 7.11 (2020): 391-395.
14. Отегенов, Хакимбай. "К оценке восстаний в Хивинском ханстве и Амударьинском отделе в 1916 г." Каспийский регион: политика, экономика, культура 2 (59) (2019): 31-36.
15. Omarova A. SCHOOL CHEERS THROUGH MUSIC PROFESSIONAL DIRECTION //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 151-156.
16. Qıslawbayevna O. A. Umumiy ORta TaLim Maktablarida Sinfdan Tashqari Musiqa ToGaragining Maqsadi Va Vazifalari //Miasto Przyszłości. – 2023. – Т. 40. – С. 105-107.
17. Qıslawbayevna O. A. The Influence of Music on the Human Body //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 5. – С. 30-32.
18. Yerjanova V. POLITICAL, SCIENTIFIC-PEDAGOGICAL ASPECTS OF EDUCATING STUDENTS ASSOCIATED WITH NATIONAL VALUES //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 356-362.
19. Ержанова В. К. НАЦИОНАЛЬНО-КУЛЬТУРНЫЕ ЦЕННОСТИ–КАК СРЕДСТВА ДУХОВНОГО ОБОГОЩЕНИЯ ПОДРОСТАЮЩЕГО ПОКОЛЕНИЯ //Innovations in Technology and Science Education. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 666-671.
20. Ержанова В. РЕКОМЕНДАЦИИ ПО ОБЕСПЕЧЕНИЮ ИНТЕГРАЦИИ УЧЕБНЫХ ДИСЦИПЛИН И ВНЕКЛАССНЫХ ЗАНЯТИЙ В РАЗВИТИИ ЦЕННОСТНЫХ ОРИЕНТАЦИИ У УЧАЩИХСЯ //Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры. – 2022. – Т. 2. – №. 12. – С. 296-299.
21. Хожамуратов К. Б. МАҲОБАТЛИ РАНГТАСВИР АСАРЛАРИНИНГ МАЪНАВИЙАҲАМИЯТИ //Ученый XXI века. – 2022. – №. 2 (83). – С. 31-33.
22. Bazarbaevich K. K. THE SPIRITUALITY OF MAHOBATLI PAINTING WORKS IMPORTANCE //Archive of Conferences. – 2021. – С. 224-227.
23. Xojamuratov Q. B. ISSUES OF THE DEVELOPMENT OF FINE ARTS IN SCHOOLS //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 333-336.
24. Bazarbaevich X. K. TASVIRIY SAN ‘AT DARSLARIDA TALABALARNI MUSTAQIL TA ‘LIM OLISH FAOLIYATIGA YO ‘NALTIRISH METODLARI //BOSHQARUV VA ETIKA QOIDALARI ONLAYN ILMIY JURNALI. – 2023. – Т. 3. – №. 2. – С. 526-529.
25. Aziza T. TARIXIY ASARLANING JAMIYAT TARAQQIYOTIDA TUTGAN O’RNI:“YULDUZLI TUNLAR” ASARINING BOSH G’OYASI //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 4. – С. 42-46.
26. Tleumuratova A. J. QORAQALPOG'ISTONDA TEATR SAN'ATINING SHAKLLANISHI VA O'ZIGA XOS XUSUSIYATLAR. – 2024.
27. Tleumuratova A. J. FORMATION AND SPECIFIC FEATURES OF THEATER ART IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 408-411.
28. Tleumuratova A. JAHON ANIMATSIYA SAN'ATIDA TARIXIY MAVZU, OBRAZLAR TALQINI VA O’ZBEK ANIMATSIYA SAN’ATIDA TUTGAN O’RNI //ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2023. – Т. 61. – №. 3. – С. 221-223.

29. Tleumuratova A. HISTORICAL THEME IN WORLD ANIMATION ART, INTERPRETATION OF IMAGES AND ITS ROLE IN UZBEK ANIMATION ART //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 1105-1111.